
НУР
ISSN 0207-6551
4
2020

## Редакторым и псалъэ

*Ди еджакIуэхэ, мы къыдэкIыгъуэм куэд къывигъэщIэнущ адыгэлIым, адыгэшым, адыгэ уанэм ятеухуауэ. А щыри дуней псом къыддагъэщIагъуэу цIэрыIуэщ! Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: адыгэм зызэрищIэж лъандэрэ шы зэрехуэ. Абы щыхьэт тохъуэ пасэрей Iуащхьэжьхэм шым ехьэлIа Iэпслъэпсхэр куэду къызэрыщIахыжыр.Къармэхьэблэрэ Зеикъуэрэ я деж куэд къыщагъуэтыжащ. ЩIэнығъэлIхэм къызэрахутамкIэ, адыгэшыр нэгъуэщI шы лъэпкъыфIхэм, цIэрыIуэхэм къытрагъэхъукIауэ аркъым, атIэ абы нэхъапэкIэ щыIа псоми къазэрыщхьэщыкI нэщэнэхэр иIэщ, уеблэмэ дыжьыныфэ щыхьыр уигу къигъэкIыу.*

*Мы къыдэкIыгъуэм тыдодзэ ди эрэм ипэкIэ IV-нэ лIэщIыгъуэм Iуащхьэжьхэм ящыщ зым къыщыщIахыжа фалъэ. Абы тетыр гъэщIэгъуэнщ!*

*Ди лъэпкъым и тхыдэм кууэ хэфщIыкIыу, пасэрейм къытхуагъэна фIыгъуэхэр фхъумэу тхьэм фыкъытхуигъэхъу!*

*А. Б.*



**БАБЫГУЕЙ Сосрыкъуэ**

## Хуарэ

*Сурэтым щыфлъагъу шыщIэм мы усэр хуатхащ*

**Хуарэ цIыкIуу дахащэ**
**Махуищ япэ къалъхуащ.**
**Лъакъуэ мастэр жэрыщэщ,**
**Къэжыхьыным хуэщIащ.**
**Нобэ джабэм дэсщати**
**И джэгуныр къикIащ.**
**ХитIэ-хисэ-зрисэу,**
**Гур дэпхъэру щIэпхъуащ.**
**Бзу хэлъэтым къегъащтэ,**
**ЩтэIэщтаблэу къежыхь.**
**Хьэчэ-хьэпсэу къосыжри**
**КъызеIуэкI: «Къыздэжыхь!»**



**УЭХЪУТЭ Александр**

# Гурыфlыгъуэ налъэхэр



Си адэр щIэх-щIэхыурэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ йожьэри къэтщ. Абы хьэл хуэхъуауэ, и ежьэгъуэ къэскlэ конверт гуэр зыщIыпIэ щегъэпщкIу. Мамэ ар Iэмал имыIэу къегъуэтри щогуфIыкI. Абы е я щIалэгъуэ сурэт дэлъынщ, е гуапагъэу зэхуатхыгъа тхыгъэ къыдэкIынщ. А тIур зэрызэдэпсэурэ илъэс 25-рэ мэхъури, яку дэлъ дахагъэр яхъумэ. Сэри апхуэдэ унагъуэ сиIэнущ!

Сэ пщащэ дахэхэм зэи захэзбжакъым. Ауэ зымахуэ телъыджэ къэхъуащ! Сызыдэгушыlэ щIалэм дэрэ дызэщыгъупщащ. Арати и псалъэри сэлам зэтхыжауэ, абы телефоныр игъэбыдэжыну гъусэ ныбжьэгъум сэр щхьэкlэ жриIар зэхэсхащ: «А цIыкIур нобэ зыкlэ дахэт, гурыхьти, сеплъ пэтми зызмыгъэнщIт. А пщащэм си дунейр нэхъ дахэ дохъу, сытым дежи сригъусэну сыхуейщ. Сэ... сэ ар фIыуэ слъагъу си гугъэщ». Ар зэрызэхэсхыу си нэм гуфlэ нэпс къыщIэлъадэри сыгъащ, абы сиукъэбзри нэхъ дахэ сыхъуащ. Иджы гъуджэм сиплъэми ислъагъуэр пщащэ гурыхьщ!





Сымаджэ сыхъуат. Дохутырым къызжиIат си щхьэцыр зэрикIынур. Мазэ дэкIри си щхьэцыр илъэлъащ. Упщащэ цIыкIуу, щхьэц птемыту школым укIуэну сыту гугъут! Къыздеджэхэр нэбгъузкlэ къысхущIэплъу, ауан сыкъащIу си нэгу къыщIэзгъэхьэу унэм сыздыщIэсым, ди уэзджынэр къозуу. Бжэр Iусхмэ, си пщащэгъу цIыкIуитIыр яхэту си классэгъуипщI бжэщхьэIум къытетщ, псоми я щхьэр упсауэ!



Сешауэ, сынэщхъейуэ тыкуэным сыздыщIэтым зы пщащэжьей цIыкIу къызбгъэдолъадэри: «Уи Iэблэм сытегъэтIысхьэ»-жи. СеIэбыхщ, къасщтэри сегупсысащ: мы цIыкIум и анэ сригъэщхьауэ, сыхигъэгъуэщауэ пIэрэ? И нэкIум сиплъэу сыхуежьащ. ИтIанэ езыр къэдыхьэшхри жиIащ: «Сэ узгъэгуфIэну сыхуейуэрат!» Ар елъэри щIэпхъуэжащ, сэри сикъыщиудри сыдыхьэшхащ.

***ФIы дывгъащIэ, ЦIыкIухэ!***

# ЦӀыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ

## ЖьэкӀэмыхъу КӀунэ, актрисэ



### Гъуэгуанэм и къежьапӀэр

Адэ-анэм я деж къыщежьащ си ӀэщӀагъэм хуэкӀуэ лъагъуэр. Абы ядэслъэгъуар си гъуэгу гъуэмылэт. Си адэм макъ дахэкӀэ лӀы гупым уэрэд щажриӀэкӀэ, къедаӀуэм гурыхь ящыхъуу заущэхут... Си анэм а зэманым Ӏэмал иӀэгъамэ, искусствэм хэлъхьэныгъэ хуищӀыфынт! Абы дахэу сурэт ищӀырт, музыкэм фӀыуэ хищӀыкӀырт, сытым дежи ди унагъуэм илъ пшынэм, мандолинэм, аккордеоным еуэрт. ТӀуми ябгъэдэлъ талантыр сэ артистыгъэу къысхуэкӀуэри театр утыкум сришащ!

### Сабиигъуэ гукъэкӀыжхэр

Илъэсих сыхъуу Малкэ дэс си шыпхъу нэхъыжьым и деж сагъакӀуэри школым и пэщӀэдзэ классхэр абы къыщызухащ. Къуажэ фельдшеру лажьэ си шыпхъум и лэжьыгъэр гугъут, абы и гуащэри жьы дыдэ хъуати, дэӀэпыкъуэгъу яхуэныкъуэт. Мис а зэманым сэ схэлъ гуэрхэр къыдэкӀуейуэ хуежьащ. Шыпхъур зэрыщӀэкӀыу и щыгъынхэр щыстӀагъэрт, и туфлъэ лъэдакъэхэр сфӀэлъахъшэмэ, нартыху жэпкъ кӀэщӀэспхэрти, сытӀыркъэ-сыркъэу Арсен цӀыкӀу тезгъэурт. А си шыпхъум и къуэрат си япэ зрительыр! Я хадэ кӀапэм къыщхьэщыт бгым дэсшейрти, уэрэд жесӀэу, къуажэм дыкъыхэплъэу дытест.

Зыгуэр нэхъ къызгурыӀуэ щыхъум усэм сыдихьэхащ. МакъыфӀи къыслъыкъуэкӀат, уэрэд схужыӀэну. Абы гу лъитэри уэрэдымкӀэ диӀа егъэджакӀуэм си макъым селэжьыну къызжиӀат, ауэ сэ зезмыгъэужьурэ а зэфӀэкӀри згъэкӀуэдащ.

### ХъуэпсапӀэмрэ нэхуапӀэмрэ

Епщӏанэ классыр къэзухри,си анэм фӀэфӀти, дзэ дохутырым сыхуеджэну си дэфтэрхэр щӀэслъхьэри зы экзамени стащ. Ауэ а гъэ дыдэм культпросвет училищэр къызэрызэӀуахыр къасщӀэщ, жэрыгъэ защӀэкӀэ си тхылъымпӀэхэр зэстам къеӀысхыжри зыми ямыщӀэу абы щӀэслъхьащ. Абыи зы экзамен щыстыну сыхунэсауэ, сэ сыздэщыӀэ къалэдэс си дэлъхум я деж къокӀуэ ди благъэ артист цӀэрыӀуэ Токъуий Хъусен. Къызэпсалъэщ, къыскӀэлъыплъри, артист ӀэщӀагъэм сызэрыхуэкӀуэр къыгурыӀуащ. Хъусен и фӀыгъэкӀэ Ростов къыщызэӀуаха училищэм еджакӀуэ ягъакӀуэ цӀыхуипщӀым сыхэхуащ, театрым и гъуэгу бгъуфӀэми сыкъытехутащ.

### «Артист унагъуэ»

Зэгуэрым паркым дитт ди унагъуэр: Мысостышхуэ Пщызэбий, сэ, дипхъу Маринэ (щыри адыгэ театрым и артистщ). Дэ тщӀыгъут ди хьэ маскӀэ цӀыкӀур. Ар Маринэ хуабжьу игъэщӀэращӀэрт, нэӀуцэм и щхьэм щхъуэкӀэплъыкӀэ щхьэцегъэубыдхэр хэзу хэлъу, езы лъакъуэ псыгъуэми цӀыху къызэреплъыр фӀэфӀу зигъэтӀейрт. Лъагъуэм дытету дыздрикӀуэм ди цӀыхугъэ гуэрхэм сэлам къыдахри блэкӀащ, къыткӀэлъыжаӀэжар зэхэтхри дыдыхьэшхащ: «Артист унагъуэр дауэ къыпщыхъуа? Я хьэри артистщ, Ӏэгъу!»

### Гум къеуэмрэ нэр къызыхуикӀымрэ

Театрым къехъулӀэну сызыхуейр мащӀэкъым. Зэштегъэу пьесэ фӀэкӀа, зыгъэгупсысэн лэжьыгъэ ди театреплъхэр зэрыщӀэмыупщӀэр си жагъуэщ. Спектаклыр лъэщмэ, гъэлъэгъуэгъуитӀ-щыкӀэ цӀыхухэр къокӀуэри, щагъэтыж, нэхъыбэу зыщӀэупщӀэри комедиещ... Дэри ди къуаншагъэ хэлъщ абы. Театрым игъэсэн хуейщ и театреплъыр. Абы зэпымыууэ игъэувын хуейщ классикэр зи лъабжьэ спектаклхэр, узыгъэгупсысэ, сабийр зыгъасэ лэжьыгъэфӀхэр. ФэзэхъуэкӀ зэманым япэу къиашащ телевиденэр, иджы интернетыр. Абы дахьэха цӀыхур театр хуэныкъуэжу фэ теткъым.

Театрым хуеджэ, хуэлажьэ щӀалэгъуалэм адыгэбзэр къаӀурыщэщу яӀурылъыныр си хъуэпсапӀэщ. Театр пэшым и кӀэ дыдэм деж щысым зэхимыщӀыкӀыу хъунукъым артистым сценэм щыжиӀэр, ар Ӏущащэу щытми. Анэдэлъхубзэм ирилажьэ ӀуэхущӀапӀэхэм къулыкъу хуэзыщӀэ унафэщӀхэр а Ӏуэхум нэхъ ткӀийуэ хущытын хуейщ!

Зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ**



# ЦӀЫХУХЭ, ЩӀЫР ПХЪЭНКӀИЙ ИДЗЫПӀЭ ЩХЬЭ ТЩӀЫРЭ ?!

*Полиэтиленым хы псэущхьэхэр зэрыдэкӀуэдым и гугъу тщӀащ («Нур», № 3-нэ). Иджы тхыгъэр зытеухуар щӀым щыпсэухэм абы зэраныгъэу къахуишэрщ. Полиэтиленыр къызэрыунэхурэ абы къыхэщӀыкӀауэ хыфӀадза хьэпшыпхэр иджыри къэс хыми щӀыми хэмыкӀуэдауэ зэтрехьэ. Ахэр цӀыкӀу-цӀыкӀуу зэпкърыхун папщӀэ илъэс 450 дэкӀын хуейщ. Абы зэщӀещтэ дуней псор! ИтӀани, цӀыхухэ, мы щӀы дахэ тӀэкӀур пхъэнкӀий идзыпӀэ щхьэ тщӀырэ?!*

## Псэущхьэхэмрэ къэкӀыгъэхэмрэ.

Хьэуам кислороду хыхьэм и 40 %-р къыдэзытыр мэзылъэ щӀыпӀэхэрщ. Абы щӀы щхьэфэм и 2 %-р яубыд, псэущхьэу щыӀэм я зэхуэдитӀри щыпсэур а мэзхэрщ. Ахэр апхуэдизкӀэ псынщӀэу цӀыхум ираупщӀыкӀри *(зы дакъикъэм-4046 $м^2$)*, абы хэс псэущхьэхэу илъэс къэс 50 000 мэкӀуэд. Махуэ къэскӀэ псэущхьэхэм я лӀэужьыгъуэу 137 дунейм токӀыж.



2010 гъэм и кӀэухым ирихьэлӀэу дунейм къаплъэну къытенар зэрыхъур 3200-щ. Абы я бжыгъэр 97 %-кӀэ нэхъ мащӀэ хъуащ иужьрей илъэсищэм. Ахэр щыпсэу щӀыпӀэхэм я унафэщӀхэм къалэн зыщащӀыжауэ 2022 гъэм *(Къаплъэным и гъэм)* ирихьэлӀэу абы я бжыгъэр хуэдитӀкӀэ ягъэбэгъуэжыну я мурадщ.

Шпицберген *(Норвегием и ищхъэрэ щӀыпӀэрщ)* хъумапӀэ щыӀэщ: Global Seed Vault. Абы дуней псом къэкӀыгъэу къыщыкӀым я лӀэужьыгъуэ мелуаным щӀигъум я жылэхэр щахъумэ. Ахэр гъэщтауэ зэрахьэ, зыгуэркӀэ абы ящыщ лӀэужьыгъуэхэр дунейм текӀыжмэ, хасэжыну.



**Махуэ къэскӀэ жыгыу 75 000 тхуэхъумэнущ лэжьыгъэм къыщыдгъэсэбэп тхылъымпӀэжьхэр хыфӀэдмыдзэу, дымыгъэсу аргуэру тхылъымпӀэ къыхэтщӀыкӀыжмэ. Газет къудейхэм жыгыу мелуан 250 тхуахъумэнущ.**

Мы зи гугъу тщӀы Ӏуэхугъуэхэм игъэгузавэу зи зэхэщӀыкӀым нэхъ зиужьа къэралхэм полиэтилен зыхэлъ хьэпшыпхэр пхъэнкӀийм къыхадз, ахэр зэхагъэткӀухьыжри гъуэгу щащӀкӀэ халъхьэ. Ауэ абы мылъку токӀуадэри, къэрал псоми яхуэгъэкъаруукъым, къызыфӀэмыӀуэхуххи щыӀэщ.



## Швециер дуней псом щыпэрытщ!

*Швецием пхъэнкӀийуэ хыфӀадзэр зэрыхъур 1%-щ, ари щӀым хокӀуэдэж. Адрей 99 %-р щӀэрыщӀэу къагъэсэбэпыж.*

ПхъэнкӀийр фӀыуэ зэхадза иужь шведхэм абы и 50 %-м щӀигъур щӀэрыщӀэу зэхагъэткӀухьыжри е хьэпшыпыщӀэ къыхащӀыкӀ, е биогазым (къарум) ягъакӀуэ. Абы хохьэ зи гугъу тщӀы пластмасс, пластикхэри. 48%-м щӀигъур ягъэс, къэна зы процентыр щӀым хокӀуэдэж.

*къыкӀэлъыкӀуэнущ*

Зыгъэхьэзырар ***ХЪУЭКӀУЭН Фатимэщ***



# Адыгэшыр цІыхум хуэдэщ!

Чехословакием щыпсэу Карл адыгэ хьэщІэхэр къыхуеблэгъат 1968 гъэм. Абы яхуиІуэтэжа хъыбарыр дадэм мыпхуэдэу кърегъэжьащ: «Адыгэхэмрэ фи адыгэш телъыджэмрэ мыхъуатэмэ, сэ иджыпсту фэ сывбгъэдэстэкъым! Мыр къыщыхъуар 1943 гъэрщ. Украинэм зауэр щекІуэкІырт. Зэхэуэ гуащІэхэм ящыщ зым цІыху куэд хэкІуэдащ, сэри уІэгъэ хьэлъэ сыщыхъуащ. Зыкъэсщlэжу си щхьэр къыщысІэтам, зауэлІ яукlахэм я хьэдэхэм фІэкІа псэ зыІуту зыри слъэгъуакъым. Спэмыжыжьэу зыш закъуэ щыхъуакІуэрт. Къысхуэнэжа къару тІэкІур зэщІэскъуэри шым сепщылІащ. Езыми гу къыслъитэри, щІэпхъуэжыным и пІэкІэ, къызбгъэдэкІуэтащ. Куэдрэ яужь ситащ шым сышэсыну, арщхьэкІэ сыт сымыщІами, сышэсыфакъым. ИкІэм-икІэжым, къару лъэпкъ схэмылъыжу щІым сещэтэхри гъащІэми си гугъэр хэсхыжащ. Къысхуэнэжыр арати, гууэщІу* сыгъуэлъащ си псэр хэмыкІ щІыкІэ зызгъэнщІыху уафэ къабзэм сиплъэну. Абдежым, шы къысщхьэщытыр къощыщ! Абы и губзыгъэнэм сызэрыщІэплъэу сигу къэкІащ:«Мыр зи плъэкІэр цІыхущ, бзэщ имыІэр армыхъу». Шыр и пэ пІащІэмкІэ си нэкІум къытелъэщІыхьщ, папщэри си бгъумкІэ щетІысэхащ. Сэ абы сыдэпщейри еупцІэкІауэ сытегъуэлъхьащ. Ар хуэсакъыпэу къэтэджыжащ, и плІэмкІэ сыдэмыхун, и кІэмкІэ сыпымыщэтын хуэдэу. СыгуфІащэри шым и тхым сытелъэщІыхьащ, «накІуэ» къизгъэкІыуи щабэу сытеуІуащ. Ар хуэмурэ ежьэри я деж сихьащ.

ТІэкІу зыкъэзужьыжа иужь шым сызыхуихьа бысимым сеупщІащ: «Мыр сытыш? Дэнэ къикІа?». Ар гуапэу къызэплъри къызжиІащ шыщІэ цІыкІуу къэбэрдей адыгэхэм я деж къищэхуауэ зэрыщытар. А шыр Іэсэт, гумащІэт, губзыгъэти, инми-цІыкІуми я ныбжьэгъут, хэт шэсми кърихьэкІырт.

Мис апхуэдэу фи адыгэшым сэ ажалым сыкъыІэщІихащ!» – еух и хъыбарыр Карл дадэм.

---

** ГуузщІу – и гущІыІур къыдэгъэзеяуэ.*










# Шы Іэпслъэпсхэр

Сбруя коня

«Нур еджакlуэ-2020» зэпеуэм хэтхэм яхуэгъэзауэ.
Мы къыдэкlыгъуэр зытеухуар шы Іэпслъэпсхэрщ, нэхъ зыхуэгъэзари, дауикl, щlалэ цlыкlухэрщ. Зэвгъащlэ адыгэбзэкlи урысыбзэкlи шым ехьэлlа Іэмэпсымэхэм зэреджэр, фигу ивубыдэ псалъэхэм я тхыкlэр. Къыфщхьэпэжынщ!



## Адыгэшым и пщlэр

***Совет къэралышхуэм и Маршал С. Буденный адыгэхэм къахуеlуэтэж: «Сэ сыщыlащ фи щlыпlэм. Дахэщ. Псом хуэмыдзу lуащхьэмахуэ! Фи цlыхухэри цlыхуфlхэщ. Фишхэм хуэдэ щылэххэкъым. Сэ ахэр фlыуэ щlэслъагъур абыхэм мызэ-мытlэу ажалым сыкъызэрырагъэлам и закъуэкъым. Иджыри къэс сщыгъупщэркъым зауэм и лъэхъэнэм адыгэшым дэслъэгъуар».***

Абы зи гугъу ищlыр адыгэхэм тыгъэ хуащlа шырат. Адыгэшыр Пермь дэт шы заводым ирагъэшащ. Ар зэрыс вагоным нэху къудей димыдзу къегъэбыдэкlат. Здашэм нэсыху кърагъэкlакъым, гъуэгури щlыпlэри илъэгъуакъым. Маршалым и шым хуабжьу кlэлъыплъхэрт.

Псори хъарзынэу екlуэкlыурэ, шыр кlуэдащ! Дапхуэдизрэ мылъыхъуами е и щхьэ ямыгъуэтыжа, е и хъыбари зэхамыхыжа адыгэшым.

Ар псэужу гугъапlи къахуэнэжакъым: дэнэкlи зауэт, мафlэт, топышэхэр гызу, бомбэхэр фийуэ, бдзапцlэшэхэр уэшхым хуэдэу щlым къытелъалъэу. А псор лъэныкъуэ иригъэзу, зыми зэхимыха телъыджэ къохъу: шыр къыщагъуэтыжыр къыздраша ди щlыпlэм. Гъурыбзэ хъури жэщlауэ, и губзыгъэнитlым фlэкlа пкърымылъыжlауэ. Буденнэм къигуфlар пхужымыlэн хуэдизт! Ауэ дауэ ар къызэрыхъуар? Апхуэдиз щlы, мэз, псы зэпиупщlу, зыми ямылъагъуу, закъримыгъэубыду, зы шэ цlываи къытемыхуэу зауэ мафlэсым ар дауэ къызэрыхэкlар? Немыцэм яубыда щlыпlэхэм къапхрыкlащ заlэримыгъэхьэу! Щхьэи къигъэзэжа? Нобэр къыздэсым ар жэуапыншэу къонэр...

Къагъырмэс Царай зэхуихьэсыжащ, зытхыжар ***АБРОКЪУЭ Беллэщ.***













# АДЫГЭШ

Адыгэшыр инкъым, къуэгъущ, бзуущхьэщ, тхьэкIумэ дзасэщ, и тхым, и шхужьхэм цы кIыхь къыщыхэхуэ щыIэщ. Шыр Iэпкъынэ-лъэпкъынэ лъэщщ, лъакъуэ псыгъуэщ, фIалъэ быдэщ.

Адыгэшхэр лIэужьыгъуэ зыбжанэ мэхъу, я щIыкIэкIи плъыфэкIи зэщхьэщокI.

## Шы плъыфэхэр

Брул *(чалый)*; джэмыдэ *(бурый)*; пцIэгъуэплъ *(гнедой)*, пцIэгъуэплъ-сырыхуфэ; пщIэгъуалэтхъуэ *(сивый)*, пщIэгъуалэ хужь *(белый)*; къарэ *(вороной)*, къарэ лъакъуищ, къарэ натIэху; дзыгъуафэ *(серый)*; къэбыфэ *(каурый)*; шыгъуэ *(буланый)*, гъуэ зэфэзэщ, гъуэ пэху пщампIэплъ, гъуэ кIэху-пщэху, натIэ гъуджэ; шы пэху *(коричневый со светлой мордой)*.

## Шым и ныбжьыр

*«Адыгэшым гъэрибгъум зеубгъу»*

Зы илъэс ирикъуар – шыщIэ; илъэситIыр – нэбгъэф; илъэсищ хакIуэщIэр *(жеребенок)* – къунан; илъэсищ шыбзыщIэр *(кобыла)* – къунажын; илъэсиплI хакIуэщIэр– дунан, илъэсиплI шыбзыщIэр – дунажын; илъэсиплI шыхъур – алащэ *(мерин)*; илъэсибгъу хъуа алащэр – зекIуэш.

## Шы зекIуэкIэхэр

Лъэбакъуэ, лъэбакъуэхъу, лъэхъу, кIуэр, ущ, хьэмкIэ.








**Уанэгущхьэнтэ**
седельная подушка



**Лъэрыгъ**
стремя

**Уанэкъуапэ**
передние и задние луки



**Уанэпхъафэ**
ленчик (часть седла)



**Лъэрыгъыпс**
ремень для крепления



















Зыгъэхьэзырар ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***



**Уанэ джабэ щlэлъ ин**
большое крыло



**Уанэ джабэ щlэлъ цlыкlу**
малое крыло



**Нал**
подкова



**Щэлъахъэ**
тренога

## Шырэ шурэ зэщ *lуэрыlуатэ*

### Псалъэжьхэмрэ жыlэгъуэхэмрэ

Адыгэшрэ лlы бэшэчрэ.
Адыгэм и ныбэ егъэныкъуэри и шым и ныбэ ирегъэкъу.
Лlыфl шыфl хуэщщ.
Зиш зыхуэмыфlыр lуэхуфl хунэсыркъым.
Шу закъуэщ жыпlэу утемыгушхуэ, гупышхуэщ жыпlэу ущымышынэ.
Брулым и мыгъуэр шибгъу и уасэщ.
Пщlэгъуалэм утесмэ, и цищ къыптохуэ.
Хьэм и гъэрищ (илъэсищ), шым и гъэрибгъу (илъэсибгъу),
лlым и гъэр щэщl (илъэс щэщl) – я фlыгъуэщ!
Шыфlыр лlыгъэм и ныкъуэщ.
Шыфl зиlэм дамэ тетщ.
Шым дамэ тету зылъагъур блэращи, блэм лъакъуэ щlэту зылъагъур шыращ.
Гъэ удзыр зы шым ихъуркъым, хъуну псор зы лlым хэлъкъым.

### Къуажэхьхэр

Щыкlуэм мэжьэгъуашхэ, щысым мэшхыпцlэ, щытмэ мэдаlуэ. (ıqm)
Блапцlэ къарэ, къарэ убыд. (нєчкdɒ)
Зэкlэрыблэблу блыным еубгъуа. (єнɒʎ)
Жыгыщхьэм кърабзэу бзэмыlум къыхуахь. (ꓕʎwɒx)
Шымыгъаклуэ – шыгъэlущ. (єlкɒиqwєʎxm)



### Нэщэнэхэр

Шы пщlэнтlа псы ирагъафэркъым.
Шы фlэбгъэжыну фlыкъым.
Шым и лъакъуиплlри лъакъуэхумэ, угъурлыщ.
Шым и сокур шэсырабгъумкlэ щылэмэ, угъурлыщ.
Шыщlэ lурыжыр хущхъуэщ (lупсыр).
Шыфlыр пырхъалъэмэ – ешащ (куэдрэ пырхъмэ).

# ПСЭМ И МАКЪАМЭ

Еджаклуэ 1941 йоклуалІэ Налшык дэт сабий творчествэмкІэ центр «Эрудитым». Мыбы щолажьэ студие зэмылІэужьыгъуэхэр: театр, гимнастикэ, къафэ, вокал, робототехникэ, сурэтыщІ, шахмат, н.къ. «Эрудитым» сабийхэм щрагъащІэ адыгэбзэ, урысыбзэ, инджылыбзэ, немыцэбзэ. Математикэм, химием хурагъаджэ, школ кІуэгъуэм хуагъэхьэзыр. А псор и фІыщІэщ "Эрудитым" и унэгуащэ **Габаевэ Мадинэ**. Гурэ-псэкІэ ар сабийхэм яхэтщ, Іэзагъэ яхелъхьэ.

Адыгэбзэм хуеджэ гупыр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд щІакъым, ауэ щапхъэ къащІытепхыфын Іуэхуфl куэд ялэжь. ***«Къызэрыгуэкl дунейр сабиигъуэ псысэу зэзыдзэкІым Іуэхушхуэ елэжь!»*** – жаІэ. Гъэсаклуэ Іэзэхэмкlэ ди республикэр къулейщ. Зи ІэнатІэр хьэлэлу гурэ-псэкІэ езыхьэкІхэм ящыщщ адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ **Къашыргъэ Залинэ**. Ар хуабжьу йолІалІэ зэрыригъаджэ программэм, планхэр зэпэщу, къызыхуэтыншэу убзыхуным. И гъэсэнхэр Залинэ и бын дыдэу къилъытэу яхущытщ, сабийхэми ар анэм хуэдэу фІыуэ къалъагъу.

Гъатхэпэ мазэм Залинэ и еджакІуэхэр ишащ макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ къэзыгъэщІэрэщІэж, шыкІэпшынауэ цІэрыІуэ **Еуаз Зубер** и лъэщапІэм. Зубер сабийхэм адыгэм и макъамэ Іэмэпсымэхэр къаригъэлъэгъуащ, илъэситІкІэ зэлэжьа шыкІэпшынэм и макъамэ къэІукІэми иригъэдэІуащ.

Экскурсием къыщащІахэр сабийхэм я гум ираубыдэу, къаригъэпщытэжу Залинэ «Псэм и макъамэ» Іуэхугъуэр иригъэкІуэкІыжащ. Абы къеблэгъащ хьэщІэ куэд. Абыхэм яхэтащ Еуаз Зубери, абы къызэригъэпэща "Бзэрабзэ" гупым ящыщу пшынауэ Іэзэ **Апсэ Диани**. Сабийхэм фІыуэ загъэхьэзыращ: уэрэд жаІащ, къэфащ, акъылым зезыгъэужь джэгукІэхэмкІэ я зэфІэкІ ягъэлъэгъуащ. А Іуэхугъуэм къыщыхагъэщащ ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэри. ЦІыкІухэр я анэхэм, анэшхуэхэм, шыпхъу цІыкІухэм удэзыхьэх, гум дыхьэ усэхэмкІэ ехъуэхъуахэщ.

Адыгэбзэм и егъэджакІуэ ІэщІагъэ гугъум гурэ-псэкІэ бгъэдэт куэд дызэриІэм дрогушхуэ, узыншагъэрэ шыІэныгъэрэ яІэу ахэр илъэс куэдкІэ я лэжьыгъэм пэрытыну дохъуэхъу!



Зыгъэхьэзырар ***КІУРАШЫН Фатимэщ***

# Мейкъуапэ Iуащхьэхэм къыщIахыжа хьэпшыпхэр



*Пасэм щыгъуэ пащтыхь е пщышхуэ дунейм ехыжамэ ар здыщIалъхьа щIыпIэм и деж Iуащхьэ щызэтралъхьэрт. Зи дунейр «зыхъуэжа» цIыхум и пщIэр нэхъ иныху и Iуащхьэри нэхъ лъагэт, а здэкIуам абы «къыщигъэсэбэпыну» зауэлI хьэпшып лъапIэхэри дыщIалъхьэрт. Апхуэдэ Iуащхьэ куэд адыгэщIым итщ. Ахэр археологхэм къатIэщIыж, абы къыщIахыжа хьэпшыпхэми тхыдэм и щэху куэд къаIуатэ. Ди лъэпкъ музейм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат* ***Накуэ Феликс*** *а хьэпшыпхэм ящыщ зым и гугъу къытхуещI.*

Мейкъуапэ Iуащхьэхэм *(ди эрэм ипэкIэ IV-нэ лIэщI.)* къыщыщIахыжа дыжьын кумбыгъэр *(сур.феплъ)* Кавказ Ищхъэрэм и картэу убж хъунущ.

Мыбы и щхьэ уэрдыхъумкIэ ирокIуэ къуршыщхьэ папцIэхэр. Абыхэм къащхьэщытщ Iуащхьэмахуэрэ Казбекрэ. А тIури Iуащхьэ дыкъуакъуэщ, зыр нэхъ лъагэу, адрейр нэхъ лъахъшэу. Къуршхэм къахэж псышхуитIыр,– Тэрчрэ Псыжьрэ,– фалъэ лъащIэм йохри и лъабжьэм щызэхохьэ. Абы Кавказым адыгэр зэреджэ – Хы тIуащIэ гупсысэм ухуашэ. Кумбыгъэм ихъуреягъкIэ щытлъагъу хьэкIэкхъуэкIэхэр псэущхьэ лъапIэу ялъытэу ди щIыпIэм щыпсэухэрщ. Пасэрей губгъуэхэм ита шыхэм ещхьщ мыбы тетыр. АдэкIэ щыдолъагъу кхъуэпIащэ, хьэ, бжэн, аслъэн… Аслъэныр ди щIыпIэ щымыпсэуами (бгъуэщIагъхэм щIэсами ящIэркъым), ар хьэкIэкхъуэкIэу щыIэм япщщ. Абы и дамыгъэр нобэм къэсыху ар зыщымыпсэуа лъэпкъхэми зэрахьэ, я нып, гербхэм тету. Мыбы тет къэкIыгъэхэми ди бгылъэ щIыпIэхэм къыщыкI гъурц банэхэр уигу къагъэкI, бзухэри аращ.

Мы кумбыгъэр хуабжьу зэрыгъэщIэрэщIам къегъэлъагъуэ ар зыдыщIалъхьа пщым и тепщэныгъэр.



# Пасэрей хьэпшыпхэр - тхыбзэщ

Тхэн, итхъэн, тхыпхъэ, тхыбзэ, – ахэр зэлъэпкъэгъу псалъэхэщ. Лъахэхутэ, бзэ щIэныгъэлI Г.Ф. Турчаниновым лэжьыгъэфI иIэщ, «Древние письмена Кавказа» фIищауэ. Абы щIэныгъэлIым къыщеIуатэ пасэрейм иратхъэу тхыпхъэ тхыбзэ зэраIар. Нобэ ди деж къэса псалъафэхэми хэтщ: «ИгъащIэм баш иритхъакъым».

*ЦIыкIухэ, мы темэхэр гугъущ, ауэ ди лъэпкъым и тхыдэ пэжыр зэфIэгъэувэжынымкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Дэ фи нэхъыжьхэми ямыщIэнкIэ хъуну темэ гуэрхэм гу лъывэдгъатэмэ, фэ фыдихьэхыу фелэжьыну дыфщогугъ. Хэт ищIэрэ, археолог, тхыдэдж, лингвист къыфхэкIынкIэ хъунщ.*

*Ди лъэпкъыр зыкIэ хуэныкъуэщи а щIэныгъэхэм!*

Зыгъэхьэзырар **АБРОКЪУЭ Беллэщ**





**Гъатхэ**
**дахэрытхэ,**
**Гъагъэ**
**дахэрыпсэ,**
**Дыгъэр зи тепIэн,**
**Дыгъэм и гъэфIэн.**



Молэ Исмэхьил
ХьэтIохъущыкъуей къу., СОШ № 3



Бекъул ФатIимэт
Сэрмакъ къу., СОШ № 2



Щоджэн Имран
ХьэтIохъущыкъуей къу., Прогимназие



Iэшэ Алан
ХьэтIохъущыкъуей къу., СОШ № 3



Пулатовэ Ясмин
ХьэтIохъущыкъуей къу., СОШ № 3



Аутлъэ Дианэ
Хьэтlохъущыкъуей къу., СОШ № 3



Щоджэн Самирэ
Псыкlэху къу., Сыжажэ А. Х. и цlэр зезыхьэ еджапlэ

**1** Псалъэзэблэдзым шы Iэпслъэпсхэр ифтхэ, хьэрфхэр фи тегъэщIапIэу.

## ЦIыкIураш




**2** Псалъэзэблэдзым къыщыхэгъэща зэпэплIимэхэм ит хьэрфхэм иджыри зы шы Iэмэпсымэ къыхэфщIыкI.

**3** Мыпхуэдэ щIэдзапIэ зиIэ таурыхъ мыин зэхэфлъи къытхуевгъэхь:

*Зэгуэрым жьыуэ сыкъэушауэ сыхэлът. Иджыри нэху щатэкъым. Щхьэгъубжэмкlэ шы щыщ макъ къэlуащ. Дэ шы диlэтэкъыми, ар зыхуэсхьынур сщlакъым. Сыкъэтэджрэ щхьэгъубжэм сыдэплъмэ – …*

Зыгъэхьэзырар ***БЕКЪАН Масирэтщ***

# Аккизовэ Имарэ и псысэ дуней





ЗэIущIэ



Нэхущ гупсысэхэр



ГурыщIэм теухуауэ...


***ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»***

Издается
С 1 января 1982 года
№ 4 2020 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Корректор
***Ф. КАШИРГОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 17.04. 2020 г.
Выход в свет 27.04. 2020 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2074 экз.
Заказ № 740
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.